

Kalkil Montan yo Chaje Anjeneral

Kalkil Montan yo Chaje Anjeneral

Boston Children's Hospital ofri asistans finansye pou pasyan ki ranpli kritè kalifikasyon yo ki endike nan Règleman Asistans Finansye Lopital la. Apre yo fin redui kont pasyan an grasa ajisteman asistans finansye ki baze sou règleman an, pasyan an responsab pou rès la nan kont pasyan li ki poko peye ki pa dwe plis pase montan yo chaje anjeneral (Amounts Generally Billed, AGB) pou moun ki gen frè pou sèvis Medicare (Medicare fee for service) ak moun ki gen konpayi asirans sante prive pou swen ijans ak lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal.

Yo kalkile AGB a pou lopital la chak ane.

- Yo itilize metòd Retwospeksyon an. Yo itilize yon peryòd douz (12) mwa.
- Li gen ladan frè pou sèvis Medicare ak peyè komèsyal yo

Montan yo Chaje Anjeneral se sòm montan reklamasyon konpayi asirans sante yo te otorize divize pa sòm frè brit ki asosye pou reklamasyon sa yo.

AGB = Sòm Montan Reklamasyon Otorize yo \$ / Sòm Frè Brit \$ pou reklamasyon sa yo

% Montan yo Chaje Anjeneral: 58.9%
Apati: 1 Oktòb 2018